



**Built to Lead**

**Pou Piblikasyon Imedya: 3/31/2016**

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO AK LIDÈ LEJISLATIF YO ANONSE AKÓ SOU BIDJÈ ETA 2016-17**

Gouvènè Andrew M. Cuomo, Dirijan Majorite Sena a, John Flanagan, Lidè Konferans Demokratik Endepandan Sena Jeffrey Klein, ak Prezidan Asanble a Carl Heastie jodia te anonse yon akò sou bidjè eta 2016-17 la. Bidjè a gen ladan kwasans nan depans eta nan pousantaj de pousan pou sizyèm ane youn dèyè lòt, kontinye ranvèse yon tandans depi yon deseni kote depans eta te depase pousantaj enflasyon oswa revni pèsone.

Bidjè a gen ladan tou yon kantite règleman istorik ki pral ranfòse opòtinite pou fanmi klas mwayèn nan kap travay ak yon rekò \$24.8 milya nan èd edikasyon. Bidjè a ap devlope tou ekonomi an avèk \$4.2 milya nan rediksyon taks pou klas mwayèn nan lè li fin enpleman konplètman ak envestisman enfrastrikti enpòtan nan tout eta –enkli yon nouvo plan Transpòtasyon Eta \$55 milya kap angaje \$27.14 milya pou pwogram Depatman Transpò ak Thruway ak \$27.98 milya pou Metropolitan Transportation Authority.

### **Depans**

Akò bidjè a gen ladann depans nan kategori annapre yo:

- Total Lajan Fonksyonman Eta: \$96.2 milya; 2.0% ogmantasyon
- Èd pou Lekòl: \$24.8 milya; 6.5% ogmantasyon
- Medicaid: \$18.5 milya; 14% ogmantasyon anba barèm lan
- Edikasyon Siperyè: \$7.2 milya; 2.0% ogmantasyon

### ***Deklarasyon Gouvènè Andrew M. Cuomo:***

“Nan yon tan ki defini pa patizanri achane e lè moun yo pèdi espwa nan kapasite fondamantal gouvènman yo pou adrese defi enpòtan epòk nou an– an patikilye, inegalite revni kap ogmante nan peyi nou an, Eta New York te yon fwa ankò mete ansanm pou fè bagay yo fèt. Anpil moun te pwopoze gwo chanjman nou tap chèche a–salè minimòm, konje fanmi peye enpòtan, yon bidjè balanse ki plafonnen depans ak rediksyon taks – men preske tout te echwe. Jodia, mwenn fyè pou m anonse avèk akò sa, nou te reyisi.

“Aprè plizyè deseni depans ki san kontwòl, nou te nan senk dènye ane yo retounen nan responsabite fiskal pou Albany lè nou plafonnen kwasans gouvènman a de pousan, koupe taks, epi envesti nan pwogram reyisi kap rejenere ekonomi nan pati nò eta nou an. Nou te restore New York nan yon pozisyon lidèchip nasyonal sou kesyon jistis

sosyal. Nap kontinye pwogrè sa ane sa nan lit pou jistis ekonomik – kidonk tout moun, kèlkeswa moun yo ye oswa kote yo soti, gen chans pou reyisi. Nou kwè ke moun kap travay di ta dwe anmezi pou touche yon salè desan epi sipòte fanmi yo avèk diyite. Avèk salè minimòm \$15 nan tout eta ak pwogram inik konje peye 12 semèn peyi a, nap pwove ke ekonomi an kapab e li ta dwe travay pou tout moun. Nap koupe taks pou klas mwayèn nan, fè investisman rekò nan edikasyon avèk \$1.4 milya nan nouvo finansman, chanje lekòl ki pa gen siksè yo nan lekòl kominotè, epi mete fen nan GEA nan New York yon fwa pou tout paske nou kwè ke avni nou kapab pi bon ke pase nou yo. Anmenmtan nap priyorize enfrastrikti ak transpò pou non sèlman restore sa ki, men tou imajine epi reyalize sa ki kapab fèt.

“Nou menm nan New York nap fè tout sa lè nou mete tèt ansanm– demokrat ak repibliken – pou fè eta nou an vin pi fò, pi ansekirite ak pi ekitab pou ane kap vini yo.”

***Deklarasyon Lidè Majorite Sena John J. Flanagan:***

“Akò sa pote apeprè sis bidjè youn dèyè lòt atan, asire ke gouvènman eta kontinye viv nan mwayen epi devlope sou pwogrè ke nou te reyalize nan fè New York vin pi a bon mache pou kontribyab klas mwayèn yo ansanm avèk fanmi yo. Li gen ladan yon nivo rekò finansman pou lekòl nou yo ak eliminasyon konplè GEA, yon gwo priyorite pou Sena Repibliken an. Mwen kontan paske nou te lite pou epi genyen yon vrè egalite nan finansman enfrastrikti, ansanm avèk plis pase \$1 milya nan rediksyon taks dirab pou klas mwayèn nan, soulajman taks sou pwopriyete pou kontribyab kap travay di ansanm avèk granmoun yo, ak kreyasyon yon pwogram kap pèmèt Nouyòkè yo pran swen pou fanmi yo. Mwen remèsye patnè nou yo nan gouvènman, enkil Gouvènè Cuomo, Prezidan Heastie ak Lidè Konferans Endepandan Demokrat Klein, paske yo te travay ansanm avèk manm yo nan konferans nou an pou reyalize konsansis. Nou gen plis travay pou nou fè lè nou fè New York vini tè opòtinite pou tout moun, men jodia se yon lòt gwo etap nan bon direksyon an.”

***Deklarasyon Lidè Endepandan Demokratik Sena Jeffrey Klein:***

“Sa a se vrèman Ane Travayè a. Yon viktwa nan lit pou Konje Fanmi Peye \$15 ap fè yon gwo diferans nan lavi travayè yo. Eta New York mete ansanm pi bon règleman Konje Fanmi Peye nan peyi a. Okenn moun pap gen pou chwazi ant sa kè yo di yo pou yo fè ansanm avèk sa kont labank yo pèmèt yo fè. Anplwaye nou yo ki touche salè minimòm nan te jwenn yon ogmantasyon e kay nou yo ki nan nivo klas mwayèn resevwa plis pase \$1 milya nan soulajman taks. “Sa se yon Bidjè ki rann tout Nouyòkè yo fyè.”

***Prezidan asanble Carl E. Heastie te deklare:***

“Depi premye jou sesyon sa, Majorite Asanble a te pwomèt Nouyòkè yo ke nou ta fè tout sa ki nan pouvwa nou pou bay yon salè minimòm ki fò ak benefis konje fanmi peye pou chak travayè. Nou fyè ke akò final la non sèlman gen ladan priyorite kontinyèl nan konferans nou yo men tou li fè investisman enpòtan nan sistèm edikasyon piblik nou an, lekòl kominotè, ak lekòl ki gen difikilte yo pandan lap kenbe liy sou ogmantasyon frè lekòl nan enstitisyon SUNY ak CUNY nou yo. Fondamantalman, bidjè sa bay sipò finansman pou lojman a bon mache, konsève aksè a bon jan kalite sèvis sante pou

plizyè milyon Nouyòkè ki gen revni fèb, epi fè investisman enpòtan nan inisyativ anti-povrete toupatou nan eta. Sa a se yon bidjè ki pran aksyon ki nesèsè pou fè kominote ak eta nou an ale delavan. Mwen vle remèsye tout prezidan nan komite nou an pou travay san relach yo ansanm avèk manm yo nan Majorite Asanble a pou patisipasyon enpòtan yo ak defans pou bezwen distri yo a. Espesyalizasyon manm nou yo te fondamantal pou reyalize yon bidjè ki se yon vikwa pou tout Nouyòkè yo.”

*Wap jwenn detay sou kèk nan pati ki pi enpòtan nan bidjè nou an nan fason ki annaprè a:*

### **Salè Minimòm**

- Pou travayè yo nan Vil New York kap travay nan gwo biznis yo (sila yo ki gen omwen 11 anplwaye) salè minimòm lan ta ogmante a \$11 nan fen 2016, apresa yon lòt \$2 chak ane apre, jiskaske yo rive nan \$15 nan 12/31/2018.
- Pou travayè yo nan Vil New York kap travay nan gwo biznis yo (sila yo ki gen omwen 10 anplwaye) salè minimòm nan ta ogmante a \$10.50 nan fen 2016, apresa yon lòt \$1.50 chak ane apre, jiskaske yo rive nan \$15 nan 12/31/2019.
- Pou travayè yo nan Konte Nassau, Suffolkk ak Westchester salè minimòm nan ta ogmante a \$10 nan fen 2016, apresa yon lòt \$1 chak ane apre, jiskaske yo rive nan \$15 nan 12/31/2021.
- Pou travayè yo nan rès eta, state, tsalè minimòm nan ta ogmante a \$9.70 nan fen 2016, apresa yon lòt .70 chak ane apre jiskaske yo rive nan dat 12/31/2020 – apresa lap kontinye ogmante a \$15 sou yon orè endekse kap fikse nan Direktè Divizyon Bidjè a an konsiltasyon avèk Depatman Travay.

Pi lwen, pwojè lwa ap bay yon tiyo sekirite pou ogmantasyon yo. Apati 2019, Direktè DOB eta ap fè yon analiz anyèl sou ekonomi chak rejyon ak efè ogmantasyon salè minimòm nan tout eta pou detèmine si yon sispansyon tanporè nan ogmantasyon nesèsè ki prevwa. Yo te soumèt analiz la bay Depatman Travay nan Divizyon Bidjè a.

Yo te estime ke plis pase 2.3 milyon moun ap afekte pa ogmantasyon salè minimòm nan.

### **Konje fanmi peye**

Kontra bidjè a gen ladan pwogram konje fanmi peye ki pi long ak pi konplè nan peyi a. Lè li fin byen enpleman, anplwaye yo ap kalifye pou 12 semèn konje fanmi peye lè yap pran swen yon timoun, yon manm fanmi ki gen kondisyon sante grav oswa pou retire presyon sou fanmi an lè yo rele yon moun nan sèvis militè aktif. Benefis yo ap pwogresif apati 2018 nan 50 pousan nan salè mwayen anplwaye chak semèn, plafonnen nan 50 pousan nan salè mwayèn tout eta, ak aplike antyèman nan 2021 nan 67 pousan nan mwayèn salè pa semèn yo, plafonnen nan 67 pousan nan salè chak semèn mwayen nan tout eta. Pwogram sa ap finanse antyèman grasa yon dediksyon pewòl nominal sou anplwaye yo kidonk li pap koute biznis yo – alafwa gwo ak piti– anyen. Anplwaye yo kalifye pou patisipe apre ke yo fin travay pou sis mwa pou travay yo.

## **Redikasyon Taks pou Klas Mwayèn**

Bidjè a diminye pousantaj Taks Revni Pèsonèl pou Nouyòkè klas mwayèn yo. Avèk redikasyon taks pou klas mwayèn nan 2012, pousantaj yo te diminye de 6.85 pousan jiska 6.45 pousan pou kontribyab yo nan nivo revni \$40,000-\$150,000, ak nan 6.65 pousan nan nivo revni \$150,000 -\$300,000. Daprè nouvo refòm sa yo, pousantaj la ap diminye menm plis apati 2018 e lap kontinye desann nèt jiska 5.5 pousan lè redikasyon an fin enpleman.

Nouvo redikasyon pousantaj taks sa yo ap ekonomize Nouyòkè klas mwayèn yo preske \$6.6 milya nan sèlman premye katran yo, avèk ekonomi chak ane ki rive nan \$4.2 milya nan 2025. Kòm nouvo pousantaj la ap aplike pwogresivman, yap pousantaj taks ki pi ba nan klas mwayèn nan plis pase 70 ane. Lè redikasyon taks la kòmanse, yo pral benefisye 4.4 milyon deklaran yo, ogmante a 6 milyon deklaran lè li fin enpleman.

## **Sipò pou Lekòl ak Edikasyon**

Bidjè a gen ladan \$24.8 milya nan Èd Lekòl, kantite lajan ki pi elve, ak \$5.3 milya plis pase 2011-12. Pandanke total depans eta te rete a de pousan nan kwasans anyèl e pifò bidjè ajans eta te rete stab esansyèlman. Èd Lekòl ap ogmante pa 6.5 pousan pou Ane lekòl 2016-17 e li pral ogmante preske a 27 pousan depi 2011-12. Ogmantasyon nan dènye senkan yo nan fason ki annaprè a:

- Èd pou Lekòl: \$19.64 milya; 6.5% ogmantasyon
- 2012-13 Èd Lekòl: \$20.35 milya (\$805 milya ogmantasyon, 4.1 pousan)
- 2013-14 Èd Lekòl: \$21.23 milya (\$992 milya ogmantasyon, 4.9 pousan)
- 2014-15 Èd Lekòl: \$22.24 milya (\$1.13 milya ogmantasyon, 5.3 pousan)
- 2015-16 Èd Lekòl: \$23.5 milya (\$1.35 milya ogmantasyon, 6.1 pousan)
- 2016-17 Èd Lekòl: \$24.8 milya (\$1.5 milya ogmantasyon, 6.5 pousan)

Lajan sa te sipòte preske 700 distri lekòl, e 2.8 milyon elèv nan klas pre-matènèl jiska klas 12yèm ane. Eta New York aktyèlman depanse plis pou elèv pase nenpòt lòt eta nan peyi a, nan yon mwayèn \$19,818, preske double mwayèn nasyonal la a \$10,700. Anplis pou Èd Lekòl tradisyonèl, bidjè a kenbe \$340 milyon nan finansman anyèl pou Pwogram Pre-matènèl Inivèsèl Tout Jounen nan tout Eta e lap kontinye pwogram \$2 milya Smart Schools. Bidjè a elimine antyèman Ajisteman Eksepsyonèl Eliminasyon Barèm \$434 milyon. Èd Fondasyon an te ogmante pa \$627 milyon (kat pousan).

**Lekòl Kominotè yo:** Investisman \$175 milyon nan modèl kominote lekòl pou transfòmè lekòl ki pa gen siksè yo ansnam avèk lòt lekòl ki gen anpil bezwen yo. Sa pral ede asire ke yo adrese pwoblèm povrete avèk kominote yo kap travay ansanm pou asire ke chak elèv prepare, ansekirite, ansante epi pare pou aprann. Investisman sa enpòtan pou bay elèv yo opòtinite bonè pou devlope avni pozitif ak retire tandans pousantaj krim elve pami jèn defavorize yo.

**Chatè:** Bidjè a ogmante sipò pou lekòl chatè yo nan tout eta pa yon estimasyon \$430 pou chak elèv pou pèmèt lekòl sa yo kontinye inovè, rekrute bon jan kalite pwofesè ak

pèsonèl, epi bay yon chwa edikasyon solid pou elèv ak fanmi yo. Bidjè a fè kalkil pèmanan nan èd lokasyon pou lekòl chatè yo nan Vil New York.

Ane Lekòl	Lwa ki Egziste deja	Bidjè ki te adopte	Ogmantasyon pou chak Elèv
2016-17	\$14,027	\$14,457	\$430

### Depans nan Enfrastrikti

Bidjè a gen ladan pi gwo plan transpòtasyon eta ki te janm apwouve, avèk plis pase \$55 milya nan investisman transpòtasyon nan tout eta, enkli \$27.14 milya pou pwogram Depatman Transpò ak Thruway ak \$27.98 milya pou pwogram Metropolitan Transportation Authority. Plan aliye pwogramasyon kapital pou DOT ak MTA sou yon peryòd 5-ane (SFY 2016-20) e li gen ladan angajman anplis pou pwojè priyorite ki etann sou yon sizyèm ane.

- Pwogram kapital \$27 milya DOT a gen ladan: \$21.1 milya pou amelyorasyon kapital pou otowout, pon, ray, enfrastrikti avyasyon, transpò non-MTA, ak etablisman DOT yo toupatou nan eta. Sa gen ladan lansman twa nouvo inisyativ – BRIDGE NY, PAVE NY, ak Pwogram Ranfòsman Enfrastrikti Kondisyon Meteyolojik pou plis amelyore kondisyon wout ak pon sou wout lokal ak eta, ansanm avèk pou bay rezistans nan wout yo ki patikilyèman siseptib nan evènman meteyolojik. Li gen ladan tou \$4 milya pou investisman kapital pou yon sizyèm ane, ak \$2 milya nan finansman stabilizasyon Otowout ki pral sipòte amelyorasyon kapital sou tout sistèm Thruway a ak *Nouvo Pon* New York, pèmèt otorite pou bloke tòll sistèm lan jis nan 2020.
- Pwogram Kapital MTA \$27 milya gen ladan: \$26.6 milya pou amelyorasyon etablisman kapital yo ke Otorite Transpò Vil New York jere, Chemennfè Long Island, Chemennfè Metro-North ak Bis MTA ansanm avèk gwo inisyativ yo ki gen ladan \$1.5 milya pou dezyèm Faz Metro Dezyèm Avni an. Spesyalman, bidjè a otorize yon rekò \$8.3 milya nan sipò Eta pou pwogram lan.

###

Wap jwenn lòt nouvèl adisyonèl nan [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418